



PACTE NATIONAL POUR UNE ÉDUCATION DE QUALITE

Le Gouvernement de la République d'Haïti, la communauté éducative, les partis politiques et les secteurs organisés de la société civile ont, à l'issue de leur entente, convenu ce qui suit :

Engagement no 1 : Accroître et réhabiliter l'offre publique scolaire.

Les signataires prennent l'engagement que la mise en œuvre de la politique de gratuité et d'obligation scolaires se fera prioritairement par le biais d'un accroissement de l'offre publique d'éducation en fonction d'une nouvelle cartographie scolaire qui tient compte des infrastructures disponibles et de la démographie de chaque section communale. L'État mobilisera une partie des ressources allouées au secteur pour réhabiliter son réseau d'écoles nationales et de lycées de façon à en faire des établissements de référence quant à la qualité des formations dispensées.

Engagement no 2 : Doubler au moins le financement de l'éducation

Les signataires s'assurent qu'au cours de la période 2016-2020, l'État haïtien consacrera au financement public de l'éducation, le plus élevé des deux montants suivants : soit 35 % du budget national, soit 8 % du Produit intérieur brut (PIB) du pays. C'est le montant minimum à consacrer au financement public de l'éducation haïtienne.

Engagement no 3: Soustraire le système éducatif du clientélisme et des influences politiques néfastes

Les signataires s'assurent que les décisions concernant le fonctionnement des écoles, le recrutement et l'affectation des agents éducatifs sont prises en toute transparence, dans le refus du clientélisme et dans le respect des normes établies, notamment en privilégiant la voie de concours.

Engagement no 4 : Mettre en œuvre le statut particulier des personnels de l'éducation

Les signataires s'engagent à mettre en œuvre le statut particulier des personnels de l'éducation de façon à améliorer, d'une part, la condition enseignante et d'autre part à relever les exigences à l'entrée et le niveau de rendement de la profession enseignante. Les signataires s'engagent à garantir l'exercice des droits syndicaux.

Engagement no 5 : Promouvoir la formation « tout au long de la vie »

Les signataires s'engagent à mettre tout en œuvre pour faciliter la disponibilité de l'offre de formation tout au long de la vie afin d'assurer : l'employabilité des jeunes, la disponibilité d'une main-d'œuvre qualifiée, et la mise en adéquation des compétences professionnelles avec les exigences du marché du travail.

Engagement no 6 : Développer et améliorer la qualité de l'Enseignement technique et professionnel

Les signataires s'engagent à mettre tout en œuvre pour que la prochaine législature ratifie toutes les lois se rapportant à l'Enseignement Technique et Professionnelle à savoir, un cadre pour la régulation de ce sous-système, la mise en place d'un mode de reconnaissance des acquis, le développement d'un curriculum en adéquation avec le marché du travail.

Engagement no 7: Réguler et Moderniser l'Enseignement Supérieur

Les signataires s'engagent à mettre tout en œuvre pour la ratification d'un ensemble de lois devant permettre à ce niveau d'enseignement de répondre aux besoins du marché du travail, de créer un organe de régulation, d'améliorer les capacités d'accueil, et de favoriser le développement de la recherche.

Les signataires s'engagent à poursuivre le dialogue en vue de promouvoir, d'une part, une école de qualité, qu'elle soit publique ou privée, et de veiller, d'autre part, au respect du Pacte National pour une Education de qualité.



ANTANT NASYONAL POU YON BON KALITE EDIKASYON

Gouvènman Repiblik la, sektè edikasyon an, pati politik yo ak sektè òganize nan sosyete sivil la rive jwenn yon antant ki chita sou 7 pwen :

1^e angajman : Ogmante kantite lekòl piblik yo epi repare yo

Divès pati ki siyen antant sa a pran angajman pou aplikasyon politik lekòl gratis la ak obligasyon pou tout timoun al lekòl la fèt nan ogmante kantite lekòl piblik yo. Se yon priyorite e sa dwe fèt dapre yon nouvo kat nou pral kreye pou lekòl yo. Kat sa a ap prezante kantite etablisman eskolè ki disponib pa rapò ak kantite moun k ap viv nan chak seksyon nominal. Leta ap sèvi ak yon pati nan resous lajan li genyen disponib pou sektè edikasyon an pou li repare rezo lekòl nasyonal ak lise yo dekwa pou yo tounen referans pou tèt bon kalite fòmasyon y ap ofri.

2^{èm} angajman : Double finansman edikasyon

Pou peryòd 2016-2020 an, pati ki siyen antant sa a ap pran tout dispozisyon pou yo veye pou Leta ayisyen rezève oubyen 35% nan bidjè nasyonal la oubyen 8% PIB peyi a pou li finanse edikasyon nan peyi a. Li va chwazi montan ki pi wo ant 2 montan sa yo. Sa se pi piti montan Leta dwe rezève nan finans peyi a pou edikasyon an Ayiti.

3^{èm} angajman : Retire sistèm edikasyon an nan kesyon moun pa epi anba move enflyans politik

Pati ki siyen antant sa a ap veye pou genyen transparans nan desizyon sou jan pou lekòl yo fonksyone, jan pou yo fè rekritman ak jan pou yo angaje ajan edikatif yo. Y ap veye pou tout sa fèt san moun pa epi nan respè prensip, espesyalman nan òganize konkou.

4^{èm} angajman : Aplike mezi ki kadre ak sitiyasyon moun k ap travay nan kesyon edikasyon

Pati ki siyen antant sa a pran angajman pou yo aplike tout mezi ki kadre ak sitiyasyon espesyal pèsònèl anseyan an, yon fason pou yo ede nan amelyore kondisyon anseyan an yon bò ; yon lòt bò pou yo revize egzijans yo depi nan papòt epi ogmante nivo rannman pwofesyon ansèyman an. Pati ki siyen antant sa a pran angajman pou pèsònèl anseyan an egzèsè dwa sendikal li.

5^{èm} angajman : Fè pwomosyon pou fòmasyon « pandan tout lavi »

Pati ki siyen antant sa a angaje yo pou yo pran tout dispozisyon ki nesèsè pou yo fasilite moun jwenn fòmasyon pandan tout lavi dekwa pou pou yo bay garanti jèn yo ap kapab jwenn anplwa, pou vin genyen yon mendèv kalifye epi pou konpetans pwofesyonèl yo marye ak egzijans mache travay la fè.

6^{èm} angajman : Devlope ansèyman teknik ak pwofesyonèl epi amelyore kalite a

Pati ki siyen antant sa a angaje yo pou yo pran tout dispozisyon ki nesèsè pou pwochen palman an ratifye tout lwa sou Ansèyman Teknik ak Pwofesyonèl tankou - lwa kad pou reglemantasyon sistèm ansèyman Teknik ak pwofèsyonel a - lwa sou mizanplas yon sistèm pou yo valide konesans - lwa sou devlopman yon kourikoulòm ki adapte avèk bezwen ki egziste sou mache travay la.

7^{èm} angajman : Reglemante Ansèyman Siperyè a epi modènize l

Pati ki siyen antant sa a angaje yo pou yo pran tout dispozisyon pou palman an rive ratifye tout yon seri lwa ki dwe pèmèt ansèyman siperyè a reponn bezwen ki genyen sou mache travay la tankou : lwa pou pèmèt yo kreye yon ògàn pou yo kontwole ansèyman siperyè a, lwa k ap pèmèt yo amelyore kapasite inivèsite yo pou yo resevwa plis etidyan, lwa pou favorize devlopman rechèch.

Pati ki siyen antant sa a pran angajman pou yo kontinye braselide, yon bò pou yo fè pwomosyon lekòl bon kalite a, kit lekòl prive kit lekòl piblik, epi, yon lòt bò pou yo veye pou antant nasyonal pou bon kalite edikasyon an respèkte.